दिन–शुक्र दिनांक–06.10.2023

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार मे जातीय गणना के जारी आंकड़ा पर रोक लगेबा सँ मना कऽ देलक अछि। न्यायमूर्ति संजीव खन्ना के पीठ जातीय गणना पर रोक संबंधी याचिका पर सुनवाई करैत कहलनि जे राज्य सरकार के नीति बनेबाक अथवा काज करबा सँ नहि रोकल जा सकैत अछि। न्यायालय मात्र नीति के समीक्षा कऽ सकैत अछि। आब एहि मामिलाक सुनवाई अगिला वर्ष जनवरी मास मे होयत।

---

केन्द्र सरकारक संविदा आधारित नौकरी मे अनुसूचित जाति, जनजाति आ आन पिछड़ा वर्ग के आरक्षणक लाभ भेटत। आई सुप्रीम कोर्ट मे एक याचिका के सुनवाई के दरमियान केन्द्र कहलक जे पैंतालीस दिन अथवा ओहि सँ बेसी के संविदा आधारित नौकरी मे आरक्षणक लाभ देल जायत। केन्द्रक दिस सँ जनतब देल गेल जे सभ मंत्रालय आ विभाग के आरक्षणक लाभ देबाक निर्देश देल गेल अछि।

---

प्रदेश मे आतंकवाद सँ जुड़ल घटना सभक सुनवाई शीघ्र करबाक लेल पटना व्यवहार न्यायालय मे एक विशेष अदालत के गठन कयल गेल अछि। राज्य सरकार पटना हाई कोर्ट के परामर्शक बाद विशेष अदालत के गठन कयलक अछि। एकर क्षेत्र पूरा बिहार होयत। एहि विशेष एटीएस कोर्ट मे आतंकवाद निरोधी दस्ता के थाना सभ मे दर्ज होबऽवला सभ मामिला के सुनवाई कयल जायत। एहि सँ पहिने एहि मामिलाक सुनावाई विभिन्न जिला सभक अदालत मे सामान्य कांड जकां होयत छल।

---

भारतीय रिजर्व बैंक के मौद्रिक नीति समिति अपन द्विमासिक समीक्षा मे ब्याज दर मे कोनो परिवर्तन नहि कयलक अछि। आर.बी.आई के गवर्नर शक्तिकांत दास जनौलनि जे मौद्रिक नीति समिति सर्वसम्मति सँ रेपो दर मे कोनो बदलाव नहि करैत एकरा छओ दशमवल पांच प्रतिशत पर यथावत राखलक अछि। रेपो दर मे बदलाव नहि भेला सँ आवासीय ऋण, वाहन ऋण आ आन ऋण सभ पर ईएमआई मे कोनो परिवर्तन नहि होयत। स्थायी जमा सुविधा दर एसडीएफ–छओ दशमलव दू पांच प्रतिशत आ सीमांत स्थायी सुविधा दर–एमएसएफ आ बैंक दर छओ दशमलव सात पांच प्रतिशत पर बनल रहत।

---

दू हजार टाका मूल्यक नोट बदलबाक समय सीमा काल्हि समाप्त भऽ रहल अछि। भारतीय रिजर्व बैंक जनौलक जे एखन धरि संतानवे प्रतिशत नोट बदलल वा जमा कयल जा चुकल अछि। एकर मूल्य तीन दशमलव चारि तीन लाख करोड़ टाका अछि।

---

बी.आर.ए बिहार विश्वविद्यालय, मुजफ्फरपुर के सभ शिक्षक संघ आई काजक बहिष्कार कयलक अछि। एहि के देखैत विश्वविद्यालय प्रशासन आई होबऽवला सभ परीक्षा आ मूल्यांकन काज के सेहो स्थगित कऽ देलक अछि। कुलपति प्रोफेसर शैलेन्द्र कुमार चतुर्वेदी रजिस्ट्रार संजय कुमार, वित्तीय सलाहकार जय प्रकाश शर्मा आ वित्त पदाधिकारी विनोद कुमार के विरूद्ध वित्तीय अनियमितता के प्राथिमिकी दर्ज हेबाक  कारण शिक्षण संघ प्रदर्शन कऽ रहल छल।

---

प्रदेश मे आपदा के दरमियान आपातकालीन संचार के बढेबाक आ नागरिक लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल आई सेल ब्रॉडकास्ट अलर्ट सिस्टम के परीक्षण कयल जा रहल अछि। आई.टी.एस प्रौद्योगिकी के निदेशक विनोद शर्मा जनौलनि जे देशक नागरिक आ समुदाय सभक सुरक्षा के लेल हरेक दूरसंचार सेवा प्रदाता पर सेल ब्रॉडकास्ट अलर्ट सिस्टम के परीक्षण कयल जा रहल अछि। श्री शर्मा जनौलनि जे परीक्षण अवधि के अंतर्गत लाक सभ के मोबाईल उपकरण पर बनावटी आपातकालीन अलर्ट प्राप्त भऽ रहल अछि। सेल ब्रॉडकास्ट अलर्ट सिस्टम एक अत्याधुनिक तकनीक अछि जे एक निर्दिष्ट भौगोलिक क्षेत्रक भीतर सभ मोबाईल उपकरण पर आपदा प्रबंधनक लेल संदेश पठेबाक अनुमति दैत अछि।

---

राज्य मे मॉनसून के घुरबाक अनुकूल स्थिति बनऽ लागल अछि। जाहि सँ आबऽवला दिन मे वर्षा के गतिविधि मे कमी आओत। मौसम विभागक अनुसार अगिला तीन दिन मे राज्यक बेसी तर भाग मे उच्चतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस के वृद्धि हेबाक संभावना अछि। एम्हर पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत पश्चिम चंपारण जिलाक लौरिया नन्दनगढ़ मे सभ सँ बेसी छियालीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल।

---

राज्य मे डेंगू के मामिला मे लगातार वृद्धि हेबाक क्रम जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत डेंगू के तीन सय चौवालीस नव मरीजक पुष्टि भेल अछि। स्वास्थ्य विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पटना मे सभ सँ बेसी एक सय उनासी नव मरीज भेटल अछि। एम्हर, सारण जिला मे बीस, भागलपुर मे उन्नैस, नवादा मे सत्रह आ मुंगेर मे सोलह नव मरीजक पुष्टि भेल अछि। प्रदेश मे डेंगू मरीज के संख्या आठ हजार सँ बेसी भऽ गेल अछि।

———————————————————————

एशियाई खेल मे भारतक उत्तम प्रदर्शन जारी अछि। भारतीय खेलाड़ी लोकनि एखन धरि एक्कैस स्वर्ण, बत्तीस रजत आ छत्तीस कांस्य पदक सहित कुल नवासी पदक जीतलनि अछि। पदक तालिका मे भारत चारिम स्थान पर बनल अछि।

———————————————————————

शिवहर जिला आई अपन उनतीसम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर जिला प्रशासन के दिस सँ कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।